

Kariè, lékòl Teknik ak édikasyon pou granmoun-n

Mendèv édikasyon (bagay ou doué konnin pou ka jouin-n travay) 504/ADAAA

Esplikasyon sou doua moun-n kap apran-n avèk responsablité yo

Sé responsablité lékòl la pou infòmé tout élèv ké pafwa akomodasyon ka disponib pou tès konpétans débaz ak instriksyon: tankou, yo ka baou plis tan pou ou pran tès, oubyen pran tès la nan gnou chamb apa. Moun-n ki gin papié pou montré ké yo andikapé, tankou moun-n ki gin problèm pou apran-n, atansyon yo kout, problèm émosyonèl, moun-n ki nan chèz roulant, moun-n ki gin problèm nan jé, problèm zòrèy, yo pa ka tandé byen, la loua protégé tout moun-n sa yo, yo gin dwa pou yo bayo asistans pou yo ka apran-n ak lè yo ginyin pou pran gnou tès.

CHAK ELEV gin dwa

- Pou yo patisipé nan pogram édikasyon adilt, tout sèvis yo bay ak aktivité san diskriminasyon.
- Pou chouazi si yo vlé fè moun-n konnin ké yo andikapé.
- Pou yo résévwa asistans rézonab nan klass ak lè yap pran tès.
- Pou pran kontak ak amplyé lékòl la pou diskité tout bézoin ké yo ginyin.

CHAK ELEV gin responsablité:

- Pou identifé-l é di gnou profèsè ou registra lékòl la si yo bézoin asistans pou tès ou nan klass.
- Bay prèv sou andikap ké y o ginyin an. Papié dokimantasyon pou bay yo inpòtan ampil é yap kimbé yo an sékrè.

Asistans posib ké élèv la ka jwen ka gin ladan yo, min yo pap limité a bagay say o:

- Plis tan pou pran tès examini
- Ti rékréation dé tan an tan
- Plas koté yo ka travay pou kò yo
- Moun-n ki kon palé an siy pou tradui pou yo
- Lòt fason yo ka pran tès (tankou Braille, tès anrégistré sou kasèt, tès ki ékri an gro lèt)

Mwen Konpran ekplikasyon sou dwa moun-n kap apran-n ak responsabilité yo.

- ☐ Wi, mwen ta renmen aplike pou yon plan 504 epi mwen ta gen dokiman medikal sipò pou m soumèt.
- ☐ Non, mwen pa ta renmen aplike pou yon plan 504.

Nom élèv la(ékri am lèt majiskil) _____ Niméro ID élèv la _____

Siyati élèv la: _____

Nom lékòl la Manatee Technical College Dat jodi a _____